

d y a l ò g d e v l ò p m a n y o



an kreyòl ayisyen

[Andrew M. Tarter
Fall Semester 2009
Independent Study
University of Florida]

Dyalòg En

**** Jan antre yon chanm ki gen twa moun.****

Jan: Alo, bonjou tout moun! Non mwen se Jan Franswa. Mwen se gid pou vwayaj nou.

Mari: Bonjou Jan. Non mwen se Marianna, men ou ka rele mwen Mari.

Ari: Epi non mwen se Awòl.

Jan: Dakò. Mari, Ari, m byen kontan kontre nou.

Doktè Kabi: Epi non pa mwen se Doktè Kabi.

Jan: Mezanmi! Yon doktè! Si nou malad, ou kap ede nou!

D. Kabi: Non, non, non. Malrezman, mwen pa yon doktè konsa. Fòk ou konnen se pa yon doktè medsen mwen ye. Moun ban mwen tit sa paske mwen te pase anpil ane nan inivèsite.

Jan: Dakò. M konprann kounye a. Ou ka ede nou avè pwoblèm sikolojik. Sa se yon bèl bagay, paske m gen anpil tèt chaje nan lavi m.

Ari: Mwen menm tou, wi. Madanm mwen fèk kite m! Epitou, lè m dòmi, m toujou gen yon rèv ki fè mwen pè anpil! Se toujou menm bagay...yon gwo koulèv k ap konmanse manje...

D. Kabi: Non, non, tout moun! Tande byen pou konprann. Doktè se yon tit yo toujou bay moun ki diplome nan yon inivèste! Sa vle di, m te etidye yon sije pou plis pase dis ane. Sa pa vle di m kapab ede ou avèk maladi oubyen pwoblèm sikolojik ou genyen.

Mari: M konprann, wi. Ki sije ou te etidye pandan lontan pou vin doktè konsa?

- D. Kabi:** Dlo. Mwen se yon espesyalis dlo. Pa egzanzp, m konnen ki jan ou ka chanje dlo ki sal, epi fè l bon pou bwè.
- Ari:** Enhen. Sa se enteresan. Mwen menm, mwen travay pou gouvènman Ozetazini. Se pou USAID m travay, wi. Y ap voye m an Ayiti paske m konnen anpil bagay sou sije rebwasman. Avan Ayiti, m te fè travay avèk pyebwa an Afrik.
- Jan:** Bon. Nou gen yon espesyalis dlo, nou gen yon espesyalis pyebwa ak rebwasman. Èske ou se yon espesyalis tou, Mari?
- Mari:** Tande. Mwen konnen sa m konnen. M konnen gen bagay m pa konnen tou. M pa ta rele mwen yon espesyalis nan yon sije espesifik. Kounye a, mwen travay pou yon òganizasyon ki ede moun avèk sistèm enèji altènativ. Pa egzanzp, m konnen sistèm pano solè yo, sistèm enèji van, enèji elektrik, eksetera.
- Jan:** Gade, gade! Se yon gwoup divès nou gen la, wi. Bon. Pou mwen menm menm, m konnen Ayiti. Se kote m te fèt. Kreyòl se lang manman m. Ayisyen se moun mwen renmen plis pase tout lòt moun nan lemonn. Rezon m la se paske Nasyonzini¹ ap ban mwen lajan pou travay sa a. Se yon djòb pou mwen. M la pou ede nou, konprann? M deja renmen nou, paske nou la pou ede peyi mwen. Nenpòt bagay ou bezwen, ou ka mande mwen.
- D. Kabi:** Mèsi Jan, pou ede vwayaj nou an Ayiti. Se yon nouvo esperyans pou mwen. M kwè ou pral renmen mwen, paske mwen se yon bon moun, ki gen gwo entelijans.
- Mari:** Ou gen yon gwo tèt, sètèman.
- Ari:** M gen yon gwo vant. Petèt sa se rezon madanm mwen te kite m.

****TOUT MOUN PETE RI****

¹ Nasyonzini = United Nations

Jan: Oke tout moun. Annou chita pale sou vwayaj Ayiti nou an. Gen anpil bagay nou bezwen pare.

Keksyon - Dyalòg En

1. Ki moun Jan ye?
2. Doktè Kabi, èske li se yon doktè medsen? Ki kalite doktè li ye?
3. Di sa ou konnen sou sitiyasyon Ari ak madanm li.
4. Ki kalite travay Mari konn fè? Èske li se yon espesyalis?
5. Epi Ari, se pou ki òganizasyon li travay la?
6. Èske Jan renmen yo? Poukisa?
7. Poukisa tout moun te pete ri?

Dyalòg De

**** Mari, Jan, Ari e Doktè Kabi chita nan yon wonn.****

Jan: Donk. Mwen panse se yon bon lide si nou konmanse avèk yon ti koze sou sitiyasyon sekirite an Ayiti.

D. Kabi: Wi, m pa vle moun kidnape m! M two enpòtan nan lemonn pou disparèt an Ayiti.

Jan: Pa pè, cheri. Ou pa pral disparèt an Ayiti, paske tèt ou twò gwo. Si ou disparèt nou sèl bezwen mande moun, ~~%~~Èske ou te wè yon doktè avè yon gwo tèt?+

D. Kabi: M espere sa se yon blag w ap ban mwen.

Jan: Wi, se yon blag.

Mari: Yèreswa, pandan m tande radyo a, m te tande yon pale sou sa. Nouvèl te di pwoblèm kidnape se mwens pase lòt pwoblèm.

Ari: Wi, m te tande sa tou. Ou gen plis chans pase mizè an Ayiti si ou bwè dlo ki sal.

Jan: Nou pa prale bwè dlo sal, epi m pa panse kidnapin se yon pwoblèm pou nou. Gen sètèn bagay nou ka fè, oubyen pa ka fè, ki kapab ede nou. Pa egzanp, m pa panse se yon bon lide si nou mache sou wout la nan Pòtoprens.

D. Kabi: Nou pa kap mache?!? Mwen toujou fè yon ti kouri chak maten. Kisa m pral fè?

Jan: Tande byen...m te di %an Pòtoprens,+konprann? Pandan nou andeyò, pa gen pwoblèm. Ou ka kouri lè ou vle. Men Ayisyen pral vle konnen poukisa yon blan ap kouri konsa. Petèt yo pral panse ou se yon moun fou.

Mari: Oke, ki lòt bagay enpòtan pou nou konnen avan nou pati. Èske nou bezwen piki pou maladi.

Jan: Sa depann. Gen moun ki pran grenn pou malarya, gen moun ki pa fè sa. Mwen pa doktè, men si ou pè maladi, petèt se yon bon lide pou ou pou ale nan klinik ki kapab ba ou piki ou bezwen.

Ari: Epi dlo. Èske nou bezwen vini avèk grenn pou mete nan dlo avan nou bwè l?

Jan: Non, ou pa bezwen sa. Ou kapab achte yon boutèy dlo tout kote nan Pòtoprens. Kote nou a visite andeyò gen dlo ki bon pou bwè. Pa gen pwoblèm ditou.

D. Kabi: Ki kalite rad ki bon pou Ayiti?

Jan: Bon. Pèsonèlman, mwen renmen rad ki pa blan, paske gen anpil pousyè andeyò. Rad kap vin sal vit, epi ou ka wè sa plis avèk rad blan. Ositou, ou bezwen chanje rad yo anpil, paske w a swè anpil. Sa vle di li fè sans vini avèk rad ki respire.

Mari: Konbyen fwa pa jou nou gen chans pou manje manje?

Jan: Sa depann. Nòmalmman, n a manje de fwa pa jou.

Ari: De fwa! Mezanmi! Se pa ase pou mwen! M toujou grangou!

Jan: Petèt se yon bon lide si ou pran lòt bagay pou manje. Se posib pou jwenn ti bagay- ti bonbon- pou manje nan lari a.

D. Kabi: Epi pou sekirite?

Jan: M gen de zam. Yon revòlvè, yon manchèt. M espere m pa bezwen itilize yo, paske bonjou se paspò w. Men, m pare.

Mari: M gen yon keksyon. M toujou bezwen bwè en, de, twa byè chak swa. Se fasil pou jwenn byè?

Jan: Bon keksyon. Byè glase se difisil pou jwenn andeyò. Pafwa byè difisil pou jwenn tou.

Mari, Ari: Non!!!

Jan: Pa pè! Gen lòt posibilite. Nou ka toujou jwenn tafya oubyen wonm.

Ari: Mèsi Bondye!!!

Jan: Gen lòt keksyon?

D. Kabi: Wi, m gen yon keksyon. Pou lajan, èske m kap itilize kat ATM mwen?

Jan: Petèt, pandan nou nan kapital la. Men andeyò, se pa posib. Men, pa gen anpil bagay pou achte tou.

D. Kabi: Si m vle achte kèk ti bagay lè m sòti peyi a?

Jan: Lè nou sòti Pòtoprens, nou ka vizite kèk ti boutik ki gen bèl bagay yo vann.

Ari: Chak jou, m fè yon apèl. M rele madanm mwen ki kite m....

Mari: Ou pale avèk madanm ki kite ou chak jou?

Ari: Nan yon sans. Nou pa pale, men m toujou mete yon mesaj sou machin telefòn li.

TOUT MOUN PETE RI

Jan: Pa gen pwoblèm. Se fasil M gen yon sèlfòn, epi nou kap achte kèk ti kat pou fè apèl yo. Nou bezwen sèlman jwenn yon kote nou ka jwenn yon siyal.

Keksyon - Dyalòg De

1. Ki moun pè kidnapin? Poukisa?
2. Ki ti blag Jan te bay Doktè Kabi lè l tande li pè kidnapin?
3. Kisa Ari panse kapab fè yon moun pase mizè an Ayiti?
4. Ki kalite rad pi bon pou Ayiti? Poukisa?
5. Kisa Mari di li vle fè chak swa? Èske se difisil pou jwenn sa li bezwen?
6. Kisa Jan ap pote pou sekirite? Èske li panse sekirite se yon pwoblèm?
7. Ki moun Ari rele chak swa? Èske li pale avèk moun sa a?
8. Èske se fasil pou fè yon apèl? Kisa de bagay yo bezwen pou fè yon apèl?

Dyalòg Twa

**** Ekip devlopman an debake ayewoplàn nan an Ayiti****

Jan: Vwala! Nou la! Peyi mwen di ou byen vini+

Mari: Mezanmi! Li fè cho!

D. Kabi: O, o! Nou bezwen mache deyò ayewopò a?

Ari: Gade sa! Yo gen yon bann k ap jwe mizik pou nou.

Jan: Wi, se sa. Kounye a la, n ap pase nan imigrasyon.

D. Kabi: Mèsi Bondye, se èkondisyone! Men, se tèt chaje! Yo pa òganize! Pa gen moun k ap rasanble nan yon liy! Se chak moun pou tèt pa li!

Ari: Wi, m kap wè sa tou. Kòm yo di, %è ou nan Wom, se pou fè kòm Women fè.+

****Ekip la rantre liy imigrasyon an****

Ofisye

imigrasyon: Bonjou. Se pou ki rezon ou la an Ayiti?

Jan: Se kat moun nou ye, epi nou la avè Nasyonzini.

Ofisye

imigrasyon: Pou konbyen tan w ap ret la nan peyi a?

Jan: Bon, nou la jis pou de senmenn.

Ofisye

imigrasyon: Pase yon bon vwayaj.

Jan: Mèsi byen.

Mari: Sèlman sa? Yo pa tcheke nou pou dwòg ilegal?

Jan: Poukisa? Ou genyen?

Mari: Non, se pa sa. Men...

Jan: Y a tcheke pi fò lè nou sòti peyi a.

Ari: Èske nou pral lwe yon machin kounye a?

Jan: Non, m gen yon chofè k ap vin pran nou, pou l depoze nou nan otèl la.

Ari: M konmanse vin grangou.

D. Kabi: Men ou fèk fin manje sou avyon an!

- Ari:** Wi, men m te di ou, m toujou grangou!
- Mari:** Pou mwen menm, m ta renmen bwè yon byè.
- D. Kabi:** Men, ou te di ou bezwen bwe byè chak swa. Kounye a se pa menm apre midi a! Se jis preske dizè nan maten an! Mezanmi! Gwoup la se fou nèt!
- Jan:** Oke ekip! Tande byen. Nou te deja fè yon gwo vwayaj jodi a. M gen yon bon lide. Lè chofè a vin pran nou e depoze nou otèl la, nou ka senpleman fè yon ti poze pou rès jou a. Ari kap manje, Mari kap bwè byè, epi Doktè Kabi kap fè...kap...kisa ou renmen fè Doktè Kabi?
- D. Kabi:** Mwen se yon entelektyèl. Sa vle di mwen pa manje touletan, vin sou chak jou, oubyen danse sou tab yo. Lè nou rive otèl la, m a fè yon ti poze. Apre sa m a kontinye ekri yon liv m ap erki kounye a.
- Ari:** Oke, men ou viv yon sèl fwa! Èske otèl la gen yon pisin?
- Mari:** Èske otèl la gen yon ba?
- D. Kabi:** Èske otèl la gen yon jim?
- Jan:** Tout sa yo se bon keksyon. Men sa se premye fwa m a rete nan otèl sa a. Malerezman, m pa konnen si l gen yon pisin, yon ba, oubyen yon jim. Annou wè. Gade, se chofè a

Keksyon - Dyalòg Twa

1. Kisa Ari te wè lè yo debake avyon an?
2. Ki obsèvasyon Doktè Kabi te fè lamenm yo te rantre bildin ayewopò a?
3. Di de keksyon ofisyè imigrasyon an te mande yo. Ki repons Jan te bay?
4. Poukisa Mari sezi lè yo sòti imigrasyon?

5. Ki moun ekip devlopman an ap tann nan ayewopò a? Ki kote moun sa a pral mennan yo?
6. Kisa Ari ta vle fè apre ayewopò a? Mari?
7. Èske Doktè Kabi vle fè menm bagay ak Mari e Ari? E ou menm, kisa ou renmen fè?

Dyalòg Kat

**** Ekip devlopman an rive otèl la****

- Jan:** Nou la! Otèl Bèl Bagay!
- Ari:** Ala bèl li bèl. Men ki jan l rele?
- Jan:** Bèl Bagay.
- Ari:** Wi, m dakò avè w. Se pa de bèl li bèl.² Men, m mande ou non otèl nou.
- Jan:** Ari, non otèl la se %Otèl Bèl Bagay.+
- Ari:** Padon. M konprann kounye a.
- Mari:** Kote ba la?
- Ari:** Kote restoran an?
- D. Kabir:** Kote pisin nan?
- Bòs otèl la:** Nou gen yon restoran ki gen yon ba tou, epi toulede bò pisin nan. Sa vle di, nou gen menm kalite bagay ou ka jwenn nan Laz Vegaz. yon ba-pisin.
- Tout moun:** Oooo!
- Jan:** M sezi! Sa se premye fwa nan lavi mwen m ap wè yon otèl konsa an Ayiti! M te toujou vle konnen kisa Nasyonzi te fè avèk gwo kantite lajan

² A sentence construction that adds emphasis and can be used with most adjectives, in this case “bèl.”

yo genyen. Kounye a m konprann. Bon. Tout moun kapab al fè sa yo vle. Annou rankontre ansanm pou soupe, pre sis è. Dakò?

D. Kabi: Pa gen pwoblèm. M pral fè yon ti poze nan chanm mwen.

Jan: Bon lide. Mwen menm tou. Nou gen de chanm. Mwen menm ak Ari nan youn, de fanm nan lòt.

D. Kabi: Mari, m ka wè ou chèch. M a pran malèt ou epi m ap mete l nan chanm nou.

Mari: Dakò, mèsi Kabi.

D. Kabi: *Doktè* Kabi pou ou. Oke tout moun. N a wè pita.

Mari: Frekan! Eskize m gason, ki kalite wonm ou gen la?

Gason: Sa w panse cheri? Pi bon wonm nan lemonn nan, Babankou!

Mari: M pa konnen wonm sa.

Gason: Wonm Ayisyen li ye! Nou gen Prestij tou, yon byè Ayisyen. Sa w ap pran?

Mari: Toulede. Epi m sètèn m pral bezwen plis apre sa.

Gason: Pa gen pwoblèm.

Ari: Eskize m tou...m grangou.

Gason: Enhen, m ka wè sa nan je w! Kisa ou ta vle manje msye?

Ari: Padon, m pa konnen egzakteman kisa ou gen pou manje.

Gason: Apre yon ti tan, se posib pou pran yon gwo plat diri djondjon, avèk vyann konchon, epi bannann peze. Ou ta renmen manje sa?

Ari: M sipoze m pa gen yon lòt chwa?

Gason: Ou sipoze kòrèk. Pa gen lòt chwa. Men, ou pa bezwen pè! M panse w ap renmen manje sa a anpil! Se yon manje Ayisyen klasik!

Ari: Oke, mèsi papa.

Mari: Ari, vin jwenn mwen nan pisin nan. Dlo a gen yon bèl frechè!

Ari: Bon lide! M cho anpil!

Keksyon - Dyalòg Kat

1. Ki jan otèl yo rele?
2. Konbyen chanm yo genyen? Ki moun ap okipe yon chanm ansanm?
3. Ki moun ale pou fè yon ti repoze? Ki moun rete bò pisin nan?
4. Poukisa Mari rele Doktè Kabi %tekan?+
5. Kisa Mari mande gason an?
6. Kisa Ari mande gason an?
7. Kisa Mari mande Ari?

Dyalòg Senk

**** Ekip devlopman rankontre ansanm pou soupe ****

Ari: Bonswa Jan, bonswa Doktè Kabi.

D. Kabi: Bonswa tout moun.

Jan: Bonswa. Mezanmi, m te dòmi byen, tankou yon ti bebe. Ki lè li ye kounye a? Èske m ap rive ta pou mitin nou?

Mari: Se sèlman senkè edmi. Ou bonè!

Jan: Bon. Tout bagay va byen? W ap itilize pisin nan, m wè sa.

Ari: Wi! Dlo a bè!

Mari: Epi nou te manje yon bèl manje, bwè yon bèl kalite wonm!

Jan: Enhen. Men, ou pa grangou kounye a? Paske se soupe kounye a. Gen lòt moun ki grangou tou?

D. Kabi: M grangou, wi!

Ari: M pa bezwen di w m toujou grangou.

Mari: Pou mwen menm, m pa grangou. M pa kapab manje menm kantite ak Ari!

Jan: Wi, se sa. Donk. Annou chita bò tab la, e fè yon ti koze. Nou gen kèk bagay nou bezwen pale avan nou pati andeyò demen.

**** Yo chita sou tab la, nan mitan jaden otèl la ****

Jan: M gen yon lide, men m vle mande nou sa nou kwè. Lide se pou sòti bonè, avan solèy konmanse leve nan syèl la.

Mari: Dakò. M ap kite bwè kounye a! M pa bezwen vonmi pandan wout la demen.

D. Kabi: Bon lide! Men m gen yon keksyon. Poukisa w ta vle nou leve pati bonè konsa?

Jan: Gen kèk rezon. Rezon prensipal se paske pa gen anpil machin sou wout la bonè nan maten an. Sa vle di nou ka rive andeyò pi vit. Yon lòt rezon se paske li mwens cho bonè. Finalman, m kwè sekirite a pi bon nan maten an.

Ari: Kidnapè pa renmen leve kò yo bonè?

Jan: M pa kwè okenn moun renmen leve bonè.

D. Kabi: M toujou leve bonè, chak jou. M renmen fè yon ti kouri, pou egzèsis. Ou konnen se pwovèb angle ke di: zwazo ki vin bonè jwenn vè a.

Ari: Poukisa ou vle yon vè?

Jan: Moun pa vle sa, men petèt ou gen sa, Ari. Petèt sa se rezon ou toujou grangou!

Mari: Kabi, petèt ou kap leve bonè konsa paske ou dòmi nan mitan jou a.

D. Kabi: Oubyen petèt se paske m pa bwè byè e wonm nan mitan jou a.

Ari: Medam, medam!

Jan: Oke tout moun. Annou kontinye avè koze nou. Denmen, lè nou sou wout la, fòk ou konnen wout la pa bon ditou! Sa vle di nou pral mate anpil. Wout la pral bat bounda nou.

Mari: Se danjre?

Jan: Gen yon kote sou wout la, bò ravin nan. La se yon ti jan danjre. Men lòt kote sou wout pa twò mal. Te gen you gwoup ki te fèk pave wout la.

D. Kabi: Konbyen tan n ap vwayaje?

Jan: M panse l a pran twazèdtan pou rive andeyò.

Ari: Gen kote nou ka jwenn manje sou wout la? Gen kote nou ka vizite yon soulajen tou?

Jan: Bon keksyon yo! Wi, n pral repoze kò nou nan yon ti restoran, ki gen manje pou manje e yon saldeben nou kap itilize.

Mari: Se kisa n pral fè lè nou rive andeyò?

Jan. Premye jou se pa anpil. Nou ka fè yon ti mache andeyò, pale avèk abitan yo. Pwochen jou a nou pral vizite yon pwojè pyebwa. Se yon ti penpinyè ki ba moun ti bwa ti piti pou plante sou tè yo.

D. Kabi: M eksite, wi!

Jan: Wi, nou gen yon gwo esperyans devan nou!

Keksyon - Dyalòg Senk

1. Se ki lè Doktè Kabi e Jan te leve kò yo?
2. Èske tout moun grangou? Poukisa?
3. Kisa yo ap fè? Ki kote?
4. Ki lè Jan bezwen konmanse denmen? Ki twa (3) rezon li bay pou sa?
5. Pou ki rezon Mari di Doktè Kabi kap leve bonè?
6. Pou ki rezon Doktè Kabi panse se difisil pou Mari leve bonè?
7. Epi Ari, kisa li mande Jan? Kisa Jan bay kòm repons?

Dyalòg Sis

**** Katrè nan maten: Ekip devlopman an leve bonè, konmanse vwayaje andeyò ****

Jan: Kote Doktè Kabi? Li pa nan chanm li.

Ari: M pa konnen.

Mari: Petèt li te sòti pou fè yon kouri. Li te di li toujou renmen fè sa chak maten.

D. Kabi: M la, wi! M te naje nan pisin nan.

Jan: Oke, men, n ap pati ven (20) minit!

D. Kabi: Pa gen pwoblèm. M t deja pare tout bagay mwen.

Mari: Kote machin k ap pran nou andeyò?

Jan: Machin nan anba, nan lakou a. Ari, souple, ede m avè malèt tout moun yo.

Ari: Dakò. Se fasil, m gen fòs!!

**** Apre yon ti tan tout moun ap chita nan machin nan.
Yo konmanse sòti baryè Otèl Bèl Bagay****

Chofè a: Bonjou tout moun! Mande m si ou bezwen nenpòt bagay.

Jan: Mèsi chofè. Tande byen gwoup: Kounye a n ap sòti Pòtoprens. Annou pa ouvè fenèt yo, epitou, annou fèmen seri pòt yo. Apre nou kite Pòtoprens, nou kap ouvè fenèt yo pou jwenn bèl lè andeyò a.

Mari: M pral dòmi. Leve m si w wè yon bagay ki vrèman enteresan.

Jan: Dakò Mari, men m pa kwè w pral dòmi byen, paske wout la pa bon nan Pòtoprens, e li pi rèd an pwovens.

Mari: M a fè yon jèfò kanmenm.

Ari: Te deja gen anpil moun nan lari a!

Jan: Wi, se sa. Gen anpil Ayisyen ki leve bonè, avan solèy bat fò. Se pi bon pou travay lè l pa twò cho.

D. Kabi: Se pou konbyen lajan moun travay nomalman?

Jan: Sa depan anpil. Men, nomalman, moun travay pou de dola ameriken pa jou.

D. Kabi: De dola ameriken!! Sa pa anyen!

Jan: Wi, se pa anpil. Men si w gen timoun grangou, w oblije degaje. Yo pran travay yo ka jwenn.

Ari: Poukisa gen anpil timoun nan lari a? Poukisa yo pa nan lekòl la?

Jan: Fòk ou konnen se pa tout lekòl ki gratis an Ayiti. Si w pa gen lajan, fòk ou degaje kò w.

Mari: Souple, èske ou kap pale yon ti kras mwens fò?

Jan: Mezanmi Mari! Se yon chwa ou te fè lè w te deside bwè twòp, epi al pou dòmi ta konsa. Ou pa ka di nou pa pale.

Mari: Ou gen rezon. Padon. An jeneral, maten an m pa santi m byen.

Ari: Vant mwen deja konmanse pale. Gen moun la ki gen yon ti bagay mwen kap manje?

Chofè a: M gen yon ti moso pen. Si w vle, w kap manje sa.

Ari: A, wi! Mèsi chofè a! Sa ede m anpil!

Jan: Pa manje vit, non! Nou gen dezèdtan avan nou rive nan restoran an.

D. Kabi: Gade! Gen anpil fatra nan wout la! Mezanmi!

Jan: Wi, Ayiti pa gen yon bon sistèm pou. Fòk ou konnen tou, Ozetazini voye anpil fatra la. Se gouvènman Ayiti yo ba yon kantite lajan pou l pran fatra Ozetazini.

D. Kabi: Wi, m te tande sa. Men m pa abitye wè fatra tout kote nan lari a, konsa.

Jan: Wi, se lèd. Se lavi.

Mari: Nou deja la? Se pou konbyen tan m te dòmi?

Jan: Se sèl ven minit ki te pase, Mari. Ou ka kontinye dòmi. M a leve w lè nou rive!

Keksyon - Dyalòg Sis

1. Kote Doktè Kabi nan maten an?
2. Avè kisa Jan te mande Ari ede l?

3. Gen yon nouvo moun nan dylòg sa a. Se ki moun?
4. Kisa Mari te fè lè yo te andan machin nan?
5. Se pou ki kantite lajan anpil Ayisyen travay chak jou?
6. Kisa Doktè Kabi sezi wè sou wout la?
7. Poukisa te gen anpil timoun nan lari a?
8. Kisa chofè te ba Ari? Poukisa?

Dyalòg Sèt

**** Ekip devlopman ap konmanse antre andeyò****

Mari: M te dòmi byen pou, men jis yon ti moman! Men kounye a se difisil pou dòmi paske wout la pa bon ditou!

Jan: Wi, nou te kite bon wout la. Kounye a wout la pa gen siman. Sa vle di nou pi pre.

Mari: Gade, peyi a pi vèt bò isit la. M wè anpil pyebwa. M te tandè Ayiti pa gen pyebwa ditou!

Ari: Fòk ou konprann, Ayiti pa gen forè ditou. Men pyebwa l genyen, wi! Rezon w ap wè anpil pyebwa sou wout la se paske moun te bati kay yo bò wout la. Epi, an Ayiti, se souvan moun kite pyebwa nan lakou a.

Jan: Mezanmi Ari, m sezi! Ou konnen kèk bagay kiltirèl sou peyi mwen!

Ari: Se djòb mwen li ye, pou M konnen bagay sa yo.

Jan: Oke. M ta renmen ba w yon ti egzamen, si ou dakò.

Ari: Wi, m dakò, wi.

Jan: Ban mwen kèk rezon Ayisyen yo toujou kite pyebwa nan lakou yo?

Ari: Bon. Sa depann. Gen Ayisyen ki kite pyebwa nan lakou a paske se frechè yo konn bay. Gen Ayisyen ki kite pyebwa nan lakou a paske se fwi yo konn bay. Oubyen toulede.

D. Kabi: Men pi lwen ak lakou a, Ayisyen te koupe tout pyebwa, se pa vre?

Jan: Sètènman, gen kote an Ayiti ki pa gen pyebwa ditou. Epi lè sa, gen anpil lòt pwoblem ki vini tou! Pa egzanz glisman tè!

D. Kabi: Wi, m konnen sa. Dlo a kapab vin sal tou, san pyebwa, espesyalman apre lapli a tonbe.

Chofè a: O, o. Sa nou gen la?

****Chofè a rete machin nan bò wout la****

Jan: Gen yon pwoblèm papa?

Chofè a: Malerezman SP., nou gen yon kawotchou kreve!

Mari: Gen yon lòt kawotchou, m espere?

Chofè a: Men wi, cheri. Ou pa bezwen pè. Men l ap pran tan pou repare kawotchou a.

Jan: Bon. Paske nou gen yon ti tan avan nou ap rekonmanse vwayaj nou, annou fè yon ti mache andeyò. Annou wè sa nou ka dekouvri.

Keksyon - Dyalòg Sèt

1. Poukisa Mari sezi lè l leve apre l fin ti dòmi l? Kisa li te wè?

2. Poukisa te gen anpil pyebwa bò wout la?
3. Poukisa Ayisyen souvan kite pyebwa nan lakou yo? (Bay 2 rezon)
4. Kisa ki te pase avèk machin nan? Se yon pwoblèm grav?
5. Kisa Jan di yo pral fè pandan y ap tann chofè a?

Dyalòg Uit

****Ekip devlopman an ap fè yon pwomnad SP andeyò
pandan chofè a ap chanje kawotchou a ****

- Jan:** Ala bèl li bèl andeyò! Se lè ki gen frechè, se yon bèl syèl ble, se pyebwa tout kote! Se flannen n ap flannen!
- D. Kabi:** M dakò avè w, Jan. M deja renmen sa plis pase Pòtoprens.
- Ari:** Mezanmi, gade pyebwa sa a! Ki kalite pyebwa li ye?
- Mari:** Ari, se ou menm ki te di se espè pyebwa ou ye, papa. !!!
- Ari:** Wi, se vre, men m pa t janm wè yon pyebwa konsa!
- Jan:** Ah, se yon pye fwi li ye. Se yon pye abriko Ari. Li bay yon bèl fwi, koulè oranj. Gade, te gen youn la, atè a.
- D. Kabi:** Nou p ap manje sa, zanmi mwen!!
- Jan:** Poukisa?
- D. Kabi:** Se atè a w te jwenn li, pa vre? Li sal!
- Mari:** M prale pran boutèy dlo mwen. Nou ka lave fwi a avèk dlo a.
- D. Kabi:** Pito w pran boutèy vodka w. Alkòl la andan l pi bon pou lave avèk li a.
- Mari:** Yon blag, m sipoze!

Ari: M eksite anpil! Se yon nouvo fwi! Èske l dous?

Jan: Ah wi. Li dous. Men, ou konnen se mango Ayisyen renmen plis pase tout lòt kalite fwi!

Mari: Mango nou ka jwenn Ozetazini pa menm sa ou ka jwenn nan yon peyi konsa. M te manje yon bon mango yè! Vwala, dlo pou lave l.

****Jan lave abriko a, koupe l avè yon kouto li genyen.
Li bay chak moun yon moso abriko a ****

D. Kabi: Se Dous li ye, wi. Li bon, men li diferan pase lòt fwi m konn manje.

****Yon peyizan ap pase sou wout la avèk bourik li. ****

Peyizan: Bonjou.

Jan: Bonjou msye. Ki jan ou ye?

Peyizan: M pa pi mal, non. Ou pral vizite pwojè pyebwa a?

Jan: Wi, se sa. Ki jan ou konnen sa?

Peyizan: Te gen yon lòt gwoup blan ki te vizite menm pwojè a.

Jan: Dakò. Sa fè m kwè se yon bèl pwojè li ye! Nou pre?

Peyizan: Se yon powèt ou ye! Wi, se jis la, apre mòn nan.

Jan: Donk, nou prèske la?

Peyizan: Men se Ayisyen ou ye. Fòk ou konnen, dèyè mòn gen mòn³.

Chofè a: Dakò tout moun. M fini kounye a. Ou mèt antre machin nan. Ann ale!

D. Kabi: Se rapidman ou te fè kawotchou a papa!

Chofè a: Se yon bès machin yo mwen ye, cheri.

Jan: Bon. Nou gen jis trant minit avan nou la. Lè nou rive, nou pral pran yon repoze. Apre sa, nou pral manje yon manje. Finalman, nou pral vizite pwojè pyebwa a.

Ari: E manje lòt kalite fwi ke m poko janm wè nan lavi m?

³ Pwovèb Ayisyen

Jan: Nou pa ka konnen kisa Bondye ap ban nou nan lavi a. Oubyen, kòm nou di an Ayiti, *%i Dye vle.+*

Keksyon - Dyalòg Uit

1. Di poukisa Jan te di l renmen andeyò pandan yo t ap flannen.
2. Ki kalite fwi yo te jwenn pandan yo t ap mache? Ki koulè li ye? Èske l dous?
3. Ki kalite fwi w renmen plis?
4. Poukisa Doktè Kabi te di se pa yon bon lide pou manje fwi yo te jwenn.
5. Ki pwovèb peyizan an te ba yo? Kisa w kwè sa vle di?

Dyalòg Nèf

**** Ekip devlopman rive Senton—yon ti vilaj andeyò****

Chofè a: Men Senton, papa.

Jan: Vwala ekip, nou nan Senton kounye a! Se nan ti vilaj sa a n a rete pou de jou. Souple Ari, ede mwen avèk malèt nou.

Ari: Sètènman! Se bon pou fizik kò mwen lè m leve malèt sa yo!

D. Kabi: Men se move pou do ou. Fòk ou sèvi ak janm ou, lè ou leve yo.

Ari: Ou gen rezon! Se konsa m toujou leve bagay sa yo.

- Mari:** O, o! Ti otèl sa a? Èske I gen yon pisin tou?
- Jan:** Non, Mari. Epi I pa gen kouran tou nonplis.
- Mari:** Men, li gen...
- Jan:** [*Ri*] Ou pa bezwen, gen yon kote, pre la, ou kapab achte byè.
- Ari:** Bon. Si nou pa gen kouran, kisa n ap fè pou okipe tèt nou?
- Jan:** M kapab montre nou kijan Ayisyen jwe domino!
- D. Kabi:** Bon lide! Men, mwen menm, m prale fè yon ti dòmi.
- Jan:** Pa gen pwoblèm. Annou rankontre apre midi, epi nou kapab vizite pwojè pyebwa a. Ari, Mari, annou konmanse jwè jwèt la.
- Mari:** Oke, men èske li twò cho pou flannen apre midi a?
- Ari:** Ou pa t vini avèk yon chapo? M gen de. Ou ka sèvi ak lòt chapo mwen an. Bon, annou kraze Jan nan domino!

Keksyon - Dyalòg Nèf

1. Nan ki bouk ekip la ap rete andeyò. Di non kèk lòt bouk an Ayiti.
2. Poukisa Ari pa gen pwoblèm ede Jan avèk malèt yo?
3. Dekri ki jan ti otèl andeyò diferan pase Otèl Bèl Bagay.
4. Èske ti otèl la gen yon ba? Ki kote Jan te di Mari kap jwenn byè pou I achte?
5. Ki jwèt Jan ta vle jwè avèk ekip devlopman an?
6. Poukisa Mari pa t vle flannen apre midi a. Kisa Ari t ofri bay li?

Dyalòg Dis

****Se apre midi a. Ekip l ap mache nan wout la—yo pral vizite pwojè pyebwa a ****

- Jan:** Pa gen yon pi bon jou pou fè yon flann andeyò! Tout moun pare?
- Mari:** Wi, m gen yon bèl chapo Ari te ban mwen.
- D. Kabi:** Epi mwen te fè yon bon ti kabicha.
- Ari:** E kounye a m konnen se pa fasil kraze yon Ayisyen nan domino!
- Jan:** Se pa tout Ayisyen ki konn jwè konsa. Se mwen menm ki mèt domino a! Alo, nou la, biwo pwojè pyebwa a.
- Mari:** Gade gwo pepinyè pyebwa a!

Administratè

Pwojè a (AP): Bonswa tout moun.

- Ekip la:** Bonswa!
- AP:** Sa fè kè m kontan pou wè w. Nou t ap tann ou. Si w dakò m te gen lide nou kapab vizite yon kiltivatè ki andan pwojè a. Konsa, ou kapab wè kisa pwojè a ap fè pou peyizan yo, e ou kapab mande yo keksyon tou!
- Ari:** Bon lide, men avan nou pati, m gen yon keksyon. Poukisa ou mete tout ti bwa pitit yo andan sak sa yo, ki piti konsa?
- AP:** Ah, sa se yon bon keksyon! Avan ti sak sa yo, nou te toujou mete ti bwa piti nan sak ki gwo. Men, nou te vin konprann se difisil pou peyizan kenbe e mache avèk plis pase senk, sis, sèt ti bwa piti.
- Jan:** Men, yo kap sèvi ak bourik yo, pa vre?
- AP:** Wi, men se pa tout Ayisyen ki gen yon bourik, konprann. Donk, nou te deside se pi bon si nou mete ti bwa piti nan sak ki piti tou. Kounye a, yon kiltivatè kap mache avèk plis, rive kay li avèk plis, epi plante plis nan tè l.

Ari: Ou gen rezon, men m te tande pafwa tè jaden an pa bon ditou. Èske ti bwa piti yo kenbe byen si yo pa gen yon gwo kantite bon tè nan sak li?

AP: Ou konnen anpil bagay nan sijè rebwazman! Wi, tè a genyen kapasite pou kenbe mwens pyebwa san bon gwo kantite tè nan sak la.

Men estrateji nou se sa: An jeneral, se pi bon pou plante plis pyebwa e pèdi kèk, pase plante mwens.

Keksyon - Dyalòg Dis

1. Kisa sa ye, yon %kabicha?+
2. Ki kote gwoup la vizite an premye? Epi apre sa, ki kote yo pral vizite?
3. Kisa Ari te mande Administratè Pwojè a?
4. Kisa Administratè Pwojè a te reponn?
5. Ki pwoblèm ti bwa piti gen pafwa avèk tè peyizan yo?
6. Dekri estrateji pwojè a genyen lè yo bay moun pyebwa san yon gwo kantite bon tè nan sak la?

Dyalòg Onz

****Ekip devlopman an ak administratè pwojè a (AP) ap vizite tè Aliks, yon kiltivatè ki andan pwojè pyebwa a****

AP: Bonswa Aliks. Tout moun, sa se Msye Aliks. Li se yon kiltivatè ki andan Pwojè Pyebwa.

Aliks: Bonswa tout moun. Mwen kontan nou isit, pou wè pyebwa mwen genyen nan tè m.

Jan: Mèsi pou tan ou ban nou an- M sipoze w gen lòt travay ou blije fè.

Aliks: Wi, se sa. Travay peyizan pa janm fini. Men, se toujou konsa. Se lavi!

Ari: Mwen wè w gen anpil pye nim e kaliptis! Ki laj sa yo genyen?

Aliks: Bon. Pyebwa sa yo genyen preske senk ane.

D. Kabi: Mezanmi! Yo grandi vit! Ou sèten yo jis senk ane?

Ari: Wi, se sa. Se paske se pyebwa twopikal yo ye. Si yo pyebwa tankou nou toujou jwenn nan Ozetazini, yo ta grandi mwens rapidman. Men la, anba solèy ki bat fò, nan yon peyi ki gen de sezon lapli, yo grandi vit.

Mari: Oke. Men Aliks, poukisa w pa t plante tout tè w avèk pyebwa? Ou te plante sèlman ven, trant, transenk pyebwa.

Aliks: Cheri, nou blije kite yon kote pou plante. Fòk nou manje tou! Sa vle di, nou kite yon kote pou plante mayi, pitimi, pwa, patat. Tout kalite rekòt!

D. Kabi: Men, se pa vre w kapab achte manje pou manje avèk lajan w fè avèk pyebwa? Ou pa t bezwen fè jadinaj si w kapab vann anpil pyebwa.

AP: Se difisil pou chanje rapidman. Nan pwojè sa a, nou te deside se yon pi bon lide si nou konmanse dousman. Apre Aliks jwenn kòb avèk premye pyebwa li te plante, li kapab kontinye plante plis, ti pa ti pa. Chanjman pran tan.

Aliks: Wi, egzakteman. Pa egzanmp, kisa m ta fè pou senk ane pandan m ap tann pyebwa yo grandi? M pa kapab manje wòch. Se pou rezon sa a, m plante kèk bwa, kite ase tè pou manje tou. Konprann?

Keksyon - Dyalòg Onz

1. Ki laj pyebwa Aliks genyen? Poukisa Doktè Kabi sezi lè l tande ki laj yo genyen?
2. Poukisa pyebwa grandi vit nan yon peyi tankou Ayiti?
3. Poukisa Aliks pa t plante tout tè l genyen avèk pyebwa?
4. Ki kalite rekòt Aliks konn fè?
5. Kisa Doktè Kabi te sijere Aliks fè, pou ede l plante tout tè l avèk pyebwa?
6. Ki jan administratè pwojè a te esplike rezon se pi bon si pwojè a konmanse dousman?

Dyalòg Douz

****Nwa ap tonbe. Ekip la ak administratè pwojè a (AP) ap pran chemen nan pou tounen ti otèl la ****

Jan: Fòk nou tounen avan limyè solèy disparèt. Mèsi Aliks.

Ari: Wi, mèsi anpil Aliks. Mwen t aprann anpil!

Aliks: Wi, mèsi. Babay!

D. Kabi: Babay Aliks. Gade bèl solèy k ap kouche! Li gen anpil koulè diferan!

Mari: Wi, yon bèl syèl li ye!

Jan: Mwen ta renmen konnen si moun ki andan pwojè sa a blije peye pou ti bwa piti?

AP: Non. Nou toujou bay ti bwa piti gratis.

Jan: Men, se ki moun ki peye pou sa?

- AP:** Ah, se gouvènman Ameriken. Se USAID ki peye pou sa. Men, se pa anpil. Yon sèl dola meriken kapab peye pou dis ti bwa piti!
- D. Kabi:** Wi, sa se rezon Nasyonzini te voye nou Ayiti pou tcheke, gade ki jan pwojè a ap konmanse.
- Mari:** Donk, ki rezon prensipal gouvènman n ap peye pou pwojè sa a?
- Ari:** Mwen pa konnen egzakteman. Men, mwen kwè gouvènman nou ta renmen ede peyi d Ayiti paske se yon bon peyi nou ye!
- Jan:** Petèt. Pèsonèlman, mwen kwè se paske yo pa vle plis moun Ayisyen antre Ozetazini nan bato yo. Chak fwa Ayiti gen pwoblèm politik, pwoblèm ekonomik, nenpòt kalite gwo pwoblèm, anpil moun kite peyi a nan bato pou rive Ozetazini. Se tèt chaje pou Ozetazini, epi yo panse si yo ede peyi a, yo kapab amelyore pwoblèm imigrasyon an.
- Mari:** Ki jan pyebwa kapab amelyore pwoblèm imigrasyon an?
- Jan:** Petèt gouvènman Ozetazini kwè Ayisyen kapab fè yon bon kòmès nan chabon. Ayisyen kapab vann chabon an yo jwenn lè yo koupe bwa, epi si yo genyen lajan, petèt yo p ap kite Ayiti. Mwen kwè sa se estrateji yo a.

Keksyon - Dyalòg Douz

1. Èske moun ki andan pwojè sa a blije peye pou ti bwa piti?
2. Se ki peyi k ap peye pou pwojè sa a? Ki enstitisyon?
3. Di rezon Ari te bay pou esplike poukisa yon lòt gouvènman peye pou pwojè a.
4. Èske Jan dakò avèk rezon Ari te bay? Kisa Jan kwè?
5. Ki kalite kòmès Jan te di peyizan kapab fè lajan avèk nan pwojè sa a?
6. E ou menm, di sa w kwè poukisa Ozetazini bay lòt peyi yo lajan pou pwojè tankou pwojè sa a? Poukisa, an jeneral, gouvènman peyi lòtbò renmen fè pwojè devlopman?

Dyalòg Trèz

****Jodi a, ekip devlopman an ap vizite yon pwojè dlo.****

Jan: Bonjou tout moun. M espere w te pase yon bon lannuit? Bon, jodi a nou pral kontinye vizite pwojè yo. Pou kòmanse, nou pral vizite yon pwojè dlo.

Ari: Koze sa fè m swaf lè M tande !!

Mari: Ari, m sezi tande w swaf! Nòmalman w toujou grangou! Men, kounye a, m swaf tou!

D. Kabi: Wi, men tout moun la konnen se pa pou dlo w swaf.

****TOUT MOUN PETE RI****

Jan: Doktè Kabi, nou espere w kapab ede nou jodi a, paske w te di nou se yon espesyalis dlo.

D. Kabi: Wi, wi, mwen eksite pou wè pwojè dlo a!

Jan: Fòk ou konnen nan peyi sa a, dlo se yon sijè grav. Gen anpil moun ki pèdi anpil tan chak jou paske yo blije chache dlo pou fanmi yo. Travay sa se toujou travay timoun yo. Se redi y ap redi!

Mari: Wi, yè mwen te wè anpil timoun avèk bokit dlo sou tèt yo. Yo te pase nou kèk fwa nan chemen an.

Jan: Wi, se sa. Pwojè nou pral vizite gen de (2) objèktif. Premye se pou fè dlo ki sal vin pwòp. Dezyèm objèktif se pou mete ponp dlo yon kote pre katye a- kote moun pa blije mache anpil distans.

Ari: Donk, ann ale!

Jan: Pa gen pwoblèm. Pwojè se jis la, nan katye sa a.

Keksyon - Dyalòg Trèz

1. Kisa ekip devlopman an ap fè jodi a?
2. Lè Ari te vin konnen sa yo pral fè jodi a, kisa li te di?
3. Poukisa Mari sezi pou tande sa Ari te di?
4. Ki blag Doktè Kabi te fè?
5. Ki kalite travay timoun yo fè souvan an Ayiti?
6. Dekri de (2) objèktif pwojè dlo a genyen.
7. Èske pwojè dlo a lwen oubyen pre? Ekip la dwe mache yon gwo distans pou rive pwojè dlo a?

Dyalòg Katoz

****Gwoup la ap kanpe devan yon ponp dlo nan mitan katye a ****

- Jan:** Vwala, yon ponp dlo. Pwojè dlo a te mete l la ane ki fèk pase a. Avan l la, timoun yo blije mache 5 kilomèt pou rive yon sous ki bay dlo.
- D. Kabi:** Men se djòb ki moun pou tcheke wè si dlo a sal oubyen pwòp?
- Jan:** Malerezman, pwojè pa gen ase lajan pou peye yon moun tcheke kalite dlo a. Men ponp la, l fon anpil. Epitou, dlo sòti menm kote ki sous avan l.
- D. Kabi:** Oke, men kanmenm, mwen ta vle pran yon ti kantite dlo pou fè yon tès sou li. Si dlo a gen mal bagay andan, tankou tifoyid, mwen kapab di nou sa aswè a.

- Ari:** Doktè Kabi, si I gen move bagay andan dlo a, kisa Ayisyen kapab fè pou fè dlo a bon ankò?
- D. Kabi:** An jeneral gen twa bagay diferan moun kap fè pou fè dlo pwòp pou bwè. Pa egzanp, ou kapab bouyi dlo a, ou kap mete yon ti kantite klowòks andan dlo a, oubyen ou kapab mete dlo nan yon filt.
- Mari:** Men ki kote yon peyizan pòv kapab jwenn lajan pou achte klowòks oubyen plis chabon pou bouyi dlo a?
- Jan:** Bon keksyon, Mari. Mwen sipoze sa se rezon pwojè dlo a te mete ponp yo nan mitan katye a. Ponp yo gen kapasite pou bay dlo ki mwen sal pase lòt dlo ki sòti sous la oubyen larivyè. Men, pwojè sa a bay moun filt tou. Annou gade ki jan filt fonksyone.
- Ari:** Mezanmi, filt la se yon gwo kanistè! Se pa menm kalite filt m genyen nan kay mwen.
- D. Kabi:** Wi, epi gade andan! Se plenn avèk anpil grenn, anpil ti wòch e chabon.
- Jan:** Wi, sa se yon bon sistèm pou fè dlo pwòp, paske tout bagay w bezwen pou fè yon filt konsa, w kapab jwenn tout kote.
- Mari:** Mwen pa konprann ki jan filt la fonksyone. Esplike l pou mwen!
- D. Kabi:** Tande: Yo vide dlo sal anwo kanistè a. Ti wòch bloke anpil gwo bagay ki andan dlo a. Apre sa, dlo desann nan ti grenn sab yo. Sab la pran plis mikwòb andan dlo sal. Finalman, dlo a rive nan chabon. Chabon se yon eleman ki kapab fè nenpòt bagay pwòp. Se pa vrèman diferan pase sistèm filtrasyon nou gen Ozetazini. Tout sistèm pran petèt ven minit, epi dlo a rive klè e pwòp!

Keksyon - Dyalòg Katoz

1. Poukisa pwojè dlo a te mete yon ponp nan mitan katye a?
2. Ki moun tcheke dlo chak mwa pou wè si l bon pou kontinye bwè?
3. Dekri twa (3) jan moun kapab trete dlo pou fè l bon pou bwè.
4. Dekri kèk pwoblèm ki fè l difisil pou Ayisyen trete dlo kòm Doktè Kabi te sijere.

5. Dekri sistèm filtrasyon. Kisa l genyen andan l?
6. E ou menm, kisa w kwè fè plis sans- mete ponp, mete yon sistèm filtrasyon, oubyen sipoze moun kapab trete dlo kòm Doktè Kabi te sijere?
7. Ki kalite dlo w genyen nan kay pa w? Ki kote dlo w sòti pou rive nan kay ou?